

## APLIKASYON REZIDANSYÈL KONBINE

# EmPower New York ak Pwogram pou Ede Pèfòmans Enèji Kay avèk ENERGY STAR®



NYSERDA

Lis verifikasyon sa a pral ede ou garanti yo trete aplikasyon w lan san pèdi tan. Tanpri mete ✓ nan ti kare ki apwopriye a lè w fin sèten ke w fin ranpli tout Seksyon Aplikasyon yo nèt, epi ou fin bay dokiman ki nesèsè yo. Aplikasyon yo trete sou prensip sa ki vini avan yo ap jwenn sèvis avan.

Enfòmasyon Jeneral sou Moun k ap Aplike a (Seksyon A, B & C) – Verifye ke tout pati ki obligatwa yo ranpli (sòs si li make "ochwa").

### LOKATÈ YO SÈLMAN:

Non Mèt Kay la, Adrès ak Nimewo Telefòn yo bay nan Seksyon C a

### ENFÒMASYON SOU SÈVIS DLO, GAZ, KOURAN, ELATRIYE (SEKSYON D):

Siyen otorizasyon pou pataje bòdwo pou gaz/enèji kliyan yo

Mete yon kopi bòdwo kouran ki konplè

Mete yon kopi bòdwo gaz pou sèvis dlo, gaz, kouran, elatriye oswa bòdwo Founisè Gaz la bay ki konplè si se chofaj pa mwayen pwopàn, lwil, kewozèn, bwa oswa chabon

### ENFÒMASYON SOU REVNI (SEKSYON F & G):

Verifye ke tout pati ki obligatwa yo byen ranpli nèt

### DONE DEMOGRAFIK (SEKSYON H): *Ochwa*

Ochwa

### AFIMASYON MOUN K AP APLIKE A (SEKSYON I):

Li epi siyen

### TANPRI VOYE APLIKASYON AN TOUNEN BAY:

Energy Audit Application  
8 Southwoods Blvd  
Suite 201  
Albany, NY 12211

Enfòmasyon sa yo ki annapre la ap ede detèmine ki sèvis ak pwogram ki pi apwopriye pou ou. Nan kèk sitiyasyon, se ajans yo nan Pwogram pou Ede Pwoteje kont Move Tan (Weatherization Assistance Program, WAP) ki ofri sèvis EmPower New York la. Nan ka sa yo, aplikasyon sa a pral sèvi kòm yon aplikasyon pou WAP epi yo ka transmèt li bay ajans lokal ou a pou sèvis sa yo. Tanpri ekri an lèt detache byen klè epi bay mezi enfòmasyon posib. Ou ka ranpli aplikasyon sa a sou entènèt nan [nyscrda.ny.gov/ahp-empower](http://nyscrda.ny.gov/ahp-empower). Ranpli aplikasyon an sou entènèt se fason ki pi rapid pou NYSEDA revize ak apwouve aplikasyon w lan.

## SEKSYON A: ENFÒMASYON SOU MOUN K AP APLIKE A

Non moun k ap aplike a

Adrès # Apatman  
NY  
Vil ETa Kòd

Konte

Nimewo telefòn (mete kòd telefòn zòn lan)

Dezyèm nimewo telefòn (mete kòd telefòn zòn lan)

Adrès imèl

Adrès ou resevwa kourye lapòs (si l diferan de adrès ki anwo a)

Lèt moun pou kontakte Relasyon ak moun k ap aplike a Nimewo Telefòn (mete kòd telefòn zòn lan)

## SEKSYON B: ENFÒMASYON SOU KAY LA

Mwen posede  Mwen lwe

Sèl fanmi  Plizyè fanmi \_\_\_\_\_ # inite  Kay fabrike/mobil  Kay gwoup/refij

## SEKSYON C: ENFÒMASYON SOU MÈT KAY LA

Non mèt kay la

Nimewo telefòn (mete kòd telefòn zòn lan)

Adrès imèl

Èske adrès mèt kay la se menm ak adrès bilding lan?  Wi  Non – Si “Non”, tanpri mete adrès li anba la.

Adrès

**OCHWA:** Tanpri ajoute nenpòt enfòmasyon ke nou ka twouve itil pou diminye kantite enèji ou itilize epi mete pwoblèm sante oswa bezwen espesyal lokatè yo genyen ke nou dwe konnen nan yon lis:

**KONTRAKTÈ EMPOWER YO AK AJANS KI BAY REFERANS YO:** Ekri non biznis ou oswa ajans ou an.

## SEKSYON D: ENFÒMASYON SOU SÈVIS DLO, GAZ, KOURAN, ELATRIYE

### Mwayen chofaj prensipal mwen se:

Kouran  Lwil  Kewozèn  Gaz Natirèl  Pwopàn  Bwa  Miyèt bwa  Mwen pa konnen  
 Lòt: \_\_\_\_\_

### Mwayen chofaj segondè mwen se:

Kouran  Lwil  Kewozèn  Pwopàn  Bwa  Miyèt bwa  Chabon  Mwen pa gen yon dezyèm mwayen chofaj  
 Lòt: \_\_\_\_\_

### SÈVIS KOURAN: Si w responsab pou w peye bòdwo kouran an, bay sa yo ki annapre la:

Non konpayi a: \_\_\_\_\_  
Nimewo kont: \_\_\_\_\_ si se NYSEG oswa RG&E – #POD \_\_\_\_\_

### SÈVIS GAZ: Si ou se yon kliyan sèvis gaz natirèl epi se ou ki responsab pou w peye bòdwo a, bay sa yo ki annapre la:

Non konpayi a: \_\_\_\_\_  
Nimewo kont: \_\_\_\_\_ si se NYSEG oswa RG&E – #POD \_\_\_\_\_

### FOUNISÈ GAZ PRENSIPAL: si w itilize chofaj avèk yon gaz ki pa gaz natirèl oswa se pa kouran, bay sa yo ki annapre la:

Non konpayi a: \_\_\_\_\_  
Nimewo kont lan: \_\_\_\_\_

### OTORIZASYON KLIYAN bay pou pataje bòdwo gaz/enèji (pou de ane anvan yo ak twa ane k ap vini yo)

Lè m siyen la, mwen sètifye ke mwen responsab pou m peye pou kont (yo) ki endike nan aplikasyon sa a. Mwen dakò epi mwen otorize founisè sèvis kouran ak gaz ki site nan aplikasyon sa a pou yo bay reprezantan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) nenpòt enfòmasyon sou itilizasyon enèji, ki gen ladan nimewo kont, ki gen rapò ak adrès pwopriyete ki anwo a. NYSERDA, ak Pwogram pou Ede Pwoteje kont Move Tan (WAP), ak/oswa reprezantan li deziyen yo pou peryòd ki kòmanse dezan anvan dat aplikasyon an epi ki fini twa zan apre mwen fin patisipe nan pwogram lan. Mwen konprann ke enfòmasyon sa yo pral rete konfidansyèl, nan limit lalwa pèmèt, epi y ap itilize yo nan objektif pou ede m itilize pwogram yo, pou detèmine kalifikasyon m pou pwogram rezidansyèl NYSERDA yo ak pou ban m ankourajman finansye, kalifikasyon pou WAP, pou estime ekonomi enèji, ak pou zafè evalyasyon.

Kliyan siyen la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## SEKSYON E: ENFÒMASYON SOU ASOSYE

Si w ta renmen travay avèk yon kontraktè espesifik k ap patisipe nan pwogram efikasite enèji NYSERDA, tanpri make anba la. N ap travay pou fè aranjman pou demann ou an, men dènye chwa ap baze sou disponiblite kontraktè pwogram k ap patisipe a ak si yo aksepte pwojè w la. Si w p ap travay ak yon kontraktè pwogram lan, n ap bay pwochen kontraktè k ap patisipe nan pwogram lan ki disponib apati lis nou apwouve a.

Non Kontraktè a: \_\_\_\_\_

NYSERDA kenbe yon rezo konseye enèji pwofesyonèl ki ka deja ap ede w ak pwogram sa a ak lòt pwogram NYSERDA, lòt òf Sèvis dlo, gaz, kouran, elatriye, ak lòt resous lokal yo. Si w ap travay kounye a ak yon konseye enèji NYSERDA, tanpri make kiyès li ye anba la. Pwogram lan pral pataje kèk enfòmasyon nan limit pwojè a avèk yo pou yo ka kontinye ede w chak etap nan chemen an.

Non Konseye Enèji NYSERDA: \_\_\_\_\_

## SEKSYON F: DOKIMAN KI PWOUBE REVNI - Tanpri chwazi youn nan sa yo ki annapre la

- A.  Eljiblite jewografik: Ou ka eljib pou w kalifye pou prim ankourajman dapre adrès ou. Al sou [nyserdera.ny.gov/ahp-empower](http://nyserdera.ny.gov/ahp-empower) pou w jwenn plis enfòmasyon. Si w nan yon zòn kalifikasyon jewografik, tanpri tcheke kare a.
- B.  Lèt referans: Si w te resevwa yon lèt nan men NYSERDA ak yon kòd referans, antre li anba a. Si w gen yon kòd rekòmasyon, ou pa bezwen bay okenn lèt dokiman sou revni anplis.

# ID Referans lan: \_\_\_\_\_

- C.  Bay yon kopi YOUN nan sa yo ki annapre la: Kopi tout lèt prim pou HEAP, SNAP (Koupon pou Manje), TANF (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite) oswa Revni Sekirite Sipleman tè ki gen dat nan 12 dènye mwa ki sot pase la yo.
- D.  Si A, B, oswa C pi wo a pa aplike, lè sa a bay dokiman sou revni anba youn nan opsyon yo ki anba la:

### Opsyon 1

- Souch pèman: tout revni brit nan kay la pou 60 dènye jou yo ki sot pase la. Pou kalkile total revni mansyèl, si revni an se:
  - Chak semèn: miltipliye revni chak semèn ki reprezante 4 semèn ki pi resan pa 4.3
  - Chak de semèn: miltipliye 2 dènye semèn youn apre lòt yo pa 2.15
  - De fwa pa mwa: miltipliye pa 2
- Sekirite Sosyal ak Sekirite Sosyal pou Andikap: kopi lèt prim lan
- Dokimantasyon sou tout fòm revni ki gen ladan andikap, dedomajman pou aksidan nan travay, chomaj, pansyon, antretyen, sipò timoun, alokasyon, avantaj Veteran, ak tout lòt revni.
- Travay endepandan: Rapò IRS sou salè chak trimès pou twa dènye mwa yo ki sot pase la

### Opsyon 2

- Deklarasyon taks: Opsyon sa a disponib sèlman si tout moun nan kay la ki te oblije ranpli yon deklarasyon taks te fè sa. Nan dokimantasyon revni ak deklarasyon taks, tout sous revni yo dwe dokimante ak deklarasyon taks yo. Deklarasyon yo dwe Deklarasyon Taks sou Revni Federal ki pi resan an (Fòmilè 1040, 1040A, oswa 1040EZ). Si w ap dokimante revni lokasyon, biznis oswa fèm – ou dwe soumèt fòmilè anèks ki asosye ak yo (fòmilè anèks C, E, ak F).

## SEKSYON G: ENFÒMASYON SOU REVNI

Konbyen moun ototal k ap viv nan kay la? \_\_\_\_\_

**Metè enfòmasyon sa yo pou chak moun k ap viv nan kay la.**

Kon konplè	Sèks (ochwa)	Laj	Elèv/Etidyan (Wi oswa Non)	Sous revni (yo)	Chak semèn	Chak mwa	Chak ane
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
<b>Revni total pou kay la</b>					\$	\$	\$

## SEKSYON H: DONE DEMOGRAFIK

Pou ede NYSERDA konprann enpak pwogram nou yo genyen sou kominote lokal yo, tanpri ranpli kesyon demografik yo ki anba la. Reponn kesyon sa yo ochwa e sa p ap afekte kalifikasyon w pou pwogram lan.

**Ekri konbyen moun k ap viv nan kay la ki:**

gen 60 lane oswa plis: \_\_\_\_\_ Andikape: \_\_\_\_\_ 17 lane oswa pi piti: \_\_\_\_\_ Veteran: \_\_\_\_\_

**Make si yon moun k ap viv nan kay la se:** (chwazi omwen youn, ak mezi ki aplikab)

- |  |   |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Pito pa reponn                          | <input type="checkbox"/> Endijèn Awayi oswa moun Zile Pasifik |
| <input type="checkbox"/> Panyòl oswa Latinx                      | <input type="checkbox"/> Blan                                 |
| <input type="checkbox"/> Amerendyen/Premye Nasyon/Endijèn Alaska | <input type="checkbox"/> Pa konnen                            |
| <input type="checkbox"/> Azyatik                                 | <input type="checkbox"/> Lòt                                  |
| <input type="checkbox"/> Ameriken Nwa oswa Afwo-Ameriken         |   |

## SEKSYON I: AFIMASYON MOUN K AP APLIKE A

Mwen otorize pou yo kominike detèminasyon kalifikasyon mwen ak enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a, dokiman sipò ki gen ladan dokiman sou revni, ansanm ak enfòmasyon konsènan sityasyon pwojè mwen an bay ajans yo ki annapre la: NYSERDA ak reprezantan li yo; Pwogram pou Ede Pwoteje kont Move Tan (WAP) nan Eta New York ak/oswa reprezantan li nonmen yo; nenpòt òganizasyon kominotè k ap travay sou non pwogram NYSERDA; sèvis kouran ak gaz natirèl mwen yo; ak moun oswa òganizasyon sa yo: \_\_\_\_\_ ke mwen te angaje nan objektif pou ede m ranpli ak soumèt aplikasyon an.

Mwen konprann ke yo ka itilize enfòmasyon mwen bay yo pou kontakte oswa ede m itilize nenpòt òf pwogram aktyèl oswa pwochen mwen ka elijib pou li ak nan objektif pou detèmine kalifikasyon m pou NYSERDA ak/oswa pwogram rezidansyèl sèvis kouran, gaz, dlo elatriye ak prim ankourajman finansye, detèmine kalifikasyon pou NYS WAP, pou estime potansyèl ekonomi enèji, ak pou zafè evalyasyon.

Mwen konprann ke tout enfòmasyon yo pral rete konfidansyèl nan limit lalwa pèmèt. Mwen konprann si yo ban mwen sèvis atravè pwogram rezidansyèl NYSERDA oswa NYS WAP, patisipasyon mwen nan pwogram sa yo p ap afekte sekirite sosyal mwen, asistans piblik, oswa nenpòt lòt revni.

Mwen konprann ke aplikasyon sa a pa garanti ke yo pral ban m èd. Y ap detèmine si pou yo ba w sèvis sa yo ou pa tou depan de kantite aplikasyon yo resevwa ak disponiblite lajan ak priorite pwogram yo etabli yo.

Mwen dakò pou m bay reprezantan NYSERDA, reprezantan NYS WAP yo, ak kontraktè endepandan k ap patisipe yo aksè nan kay mwen an, nan moman ki akseptab youn pou lòt, pou yo fè aktivite pwogram tankou enspeksyon enèji, enstalasyon mezi, Asirans Kalite, ak aktivite evalyasyon. Mwen konprann ke kontraktè k ap patisipe yo se kontraktè endepandan epi yo bay yon garanti yon lane sou ouvraj pou travay ki fini. Anplis de sa, mwen konprann ke kontraktè ak founisè k ap patisipe yo pral bay garanti apwopriye sou nenpòt ekipman yo bay epi NYSERDA oswa NYS WAP pa bay okenn lòt garanti.

Mwen abòne epi mwen afime, anba sanksyon lalwa yo, ke deklarasyon ki fèt sou tout pati aplikasyon sa a, pami yo deklarasyon ki fèt sou nenpòt ki dokiman ki akonpaye yo, mwen te egzamine yo epi se selon sa m konnen, yo vrè e konplè.

Mwen konprann lè m siyen fòm sa, mwen bay NYSERDA, reprezantan NYS WAP yo, ak moun yo deziyen yo otorizasyon pou asire m kalifye pou pwogram NYSERDA yo ak NYS WAP lan. Mwen dakò pou reponn nenpòt demann pou verifye oswa konfime enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon oswa si mwen kache enfòmasyon pou mwen ka resevwa avantaj mwen pa gen dwa pou m resevwa,

Yo kapab pouswiv mwen lajitis nan tout limit lalwa pèmèt. Mwen deklare tou pa gen okenn moun ki site nan aplikasyon sa a ki kapab diskalifye pou sèvis pou ede pwoteje kont move tan dapre Lwa sou Refòm ak Kontwòl Imigrasyon 1986 lan (Lwa Piblik 99-063).

Aplikan an siyen la

Dat

Reprezantan aplikan an siyen la

Dat

Yo ka bay lòt pwogram rezidansyèl ki nan NYSERDA yo enfòmasyon kontak ou pou yo kontakte w. Pou mande pou yo pa pataje enfòmasyon w, tanpri mete inisyal non ou la. \_\_\_\_\_

## POU ITILIZASYON ENTÈN SÈLMAN

Moun ki egzamine aplikasyon an:  HEAP  OFA  Konpayi dlo, kouran, gaz, elatriye

Soubenefisyè sibvansyon pou pwoteksyon kont move tan  EmPower  Lòt: \_\_\_\_\_

Make tout avantaj kay la resevwa:  SSI  HEAP  SNAP  TANF

Dapre enfòmasyon moun k ap aplike a bay la, nou detèmine kay la:

Elijib pou AHP Sèlman  Elijib pou pwoteksyon kont move tan sèlman  PA elijib pou pwoteksyon kont move tan

Elijib pou EmPower  PA elijib pou EmPower  Elijib pou EmPower, an atant pou pwoteksyon kont move tan

Make la si:

Fwaye a te resevwa èd Pwoteksyon Kont Move Tan avan

Fwaye a pa elijib pou plis sèvis nan EmPower

Kòmantè anplis:

---

Reprezanan EmPower a siyen la    Tit    Date



**NYSERDA**